

TRADHISI SINONGKELAN ING DESA PRAMBON KECAMATAN TUGU KABUPATEN TRENGGALEK

TRADHISI SINONGKELAN ING DESA PRAMBON KECAMATAN TUGU KABUPATEN TRENGGALEK

RAMA DITYA PRANANDHA YUDHA
PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
pranandha@yahoo.co.id

Abstrak

Tradhisi Sinongkelan yaiku salah sawijining tradhisi resik desa sing dianakake saben taun ing desa Prambon kecamatan Tugu kabupaten Trenggalek. Warga masyarakat isih percaya tradhisi kasebut amarga tinggalane para leluhur. *Tradhisi Sinongkelan* iki dianakake saben sasi Sela dina Jemuwah pasaran Legi, tradhisi iki manggon ing desa Prambon, kecamatan Tugu, Trenggalek. Tradhisi iki dianakake minangka rasa syukur marang Allah SWT lan para leluhur sing babad desa Prambon. Tradhisi iki isih dianakake supaya panen tansaya makmur lan ora ana bebaya ing desa. Underane panliten iki yaiku (1) Kepriye mula bukane anane *Tradhisi Sinongkelan*, (2) Kepriye tatalakune adicara *Tradhisi Sinongkelan*, (3) Apa wae jinis ubarampe lan uga maknane kang ana ing *Tradhisi Sinongkelan*, (4) Kepriye pamawas masyarakat desa Prambon tumrap *Tradhisi Sinongkelan*. Tujuwan panliten yaiku kaperang dadi loro, yaiku tujuwan umum lan khusus. Tujuwaning panliten umum yaiku panliten iki kanggo menehi gegambaran anane *Tradhisi Sinongkelan* ing desa Prambon kecamatan Tugu kabupaten Trenggalek supaya bisa dimangerteni masyarakat, kanggo dhokumentasi, kanggo sarana nglestarekake budaya Jawa, kanggo inventarisasi, kanggo golek nilai budaya sarta, kanggo ndhudhah nilai budaya sarta ngrembakane ilmu folklor sing dadi perangan kabudayan Jawa. Tujuwan khusus yaiku ngandharake ngenani mula bukane *Tradhisi Sinongkelan*. Ngandharake tatalaku *Tradhisi Sinongkelan*. Ngandharake jinis ubarampe lan uga maknane kang ana ing *Tradhisi Sinongkelan*. Ngandharake ngenani pamawas masyarakat desa Prambon tumrap *Tradhisi Sinongkelan*. Paedah panliten iki, yaiku nambahi kawruh ngenani tradhisi utamane *Tradhisi Sinongkelan* ing desa Prambon kecamatan Tugu Trenggalek. Nglestarekake kabudayan Jawa saka warisan leluhur ing desa Prambon kecamatan Tugu Trenggalek. Kanggo dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat desa Prambon ing babagan kabudayan amrih tansah dijaga lan diuri-uri supaya bisa dimangerteni kabeh dhaerah saka sajabane desa Prambon.

Teori sing digunakake yaiku folklor setengah lisan miturut Danadjaja yaiku wujud saka campuran antarane unsur lisan lan unsur dudu lisan. *Tradhisi Sinongkelan* iki kalebu upacara tradhisi mula kalebu ing folklor saperangan lisan. Makna kang kinandhut sajrone *Tradhisi Sinongkelan*, ngunakake teori makna simbolis kang kinandhut sajrone *Tradhisi Sinongkelan*, ngunakake teori miturut Herusatoto ngandharake ngenani tindakan simbolis wong jawa antarane yaiku tumindak simbolis sajrone religi, tumindak simbolis sajrone upacara, tumindak simbolis sajrone seni. Fungsi kang kinandhut sajrone *Tradhisi Sinongkelan*, yaiku teori miturut Bascom luwih trep kanggo njlentrehake piguna ing *Tradhisi Sinongkelan*. Resepsi masyarakat, kanggo ngoncki pamawase masyarakat ngenani anane *Tradhisi Sinongkelan* digunakake teori Iser. Panliten iki nggunakake metode deskriptif kualitatif. Dhata panliten kang dilumpukake saka asil observasi, wawancara, dhokumentasi, lan questioner. Tatacara ngolah dhata yaiku kanthi nganalisis dhata yaiku transkripsi dhata nggolongake lan madhakne karo panliten kuwi, menehake dhata saka underanng panliten banjur menehi simpulan saka asil pembahasan.

Saka analisis dhata, yaiku ngandharake mula bukane anane *Tradhisi Sinongkelan*, ngandharake tata laku anggone nindakake *Tradhisi Sinongkelan* dadi telu yaiku tahap persiapan, panindake adicara, panutup. Ubarampe kang digunakake ing *Tradhisi Sinongkelan* yaiku sajen, buceng kuwat, ingkung, urap, gedhang raja, jenang sepuh, jenang sengkala, gecok bakal. *Tradhisi Sinongkelan* nduweni paedah, yaiku minangka sistem proyeksi, minangka pangesahing pranata kabudayan, minangka sarana panggulawentah, lan minangka piranti panemu norma-norma masyarakat. Cara masyarakat supaya tradhisi tetep lestari yaiku diperang dadi loro pamawas. Kaloro pamawas kasebut yaiku saka pamerantah lan saka masyarakat ing desa Prambon. Saben taun bebrayane manungsa uga ngalami owah-owahan, kayadene ing adicara *Tradhisi Sinongkelan* kang ngalami owah-owahan ing *Tradhisi Sinongkelan* diperang dadi loro yaiku saka tata lakune lan ubarampene. Pamawas masyarakat nuduhake yen masyarakat kasebut kaperang dadi rong golongan, yaiku masyarakat kang sarujuk anane *Tradhisi Sinongkelan* lan masyarakat kang ora sarujuk anane *Tradhisi Sinongkelan*. Golongan kang sarujuk nduweni alesan amarga ngugemi budaya kang diwarisake dening leluhur, minangka sarana muji syukur marang Gusti lan uga nyuwun keslametan. Dene alesan miturut golongan masyarakat kang ora sarujuk adhedhasar kapitayan ing agama Islam, tradhisi kagolong musyrik.

1.1 Lelandhesan Panliten

Warga Indonesia saka manekawarna suku bangsa, saben suku nduweni kabudayane dhewe-dhewe. Kabudayan iku sipate heterogen. Saben budaya nduweni corak sing beda karo liyane, banjur nduweni ciri lan nilai keindahan. Kabudayan minangka asil saka warisan leluhur kang patut disengkuyung amarga ngandhut norma lan aturan. Kabudayan ora bisa tuwuh tanpa masyarakat panyengkuyunge. Kabudayan uga bisa didadekake idhentitas negara. Kawawas saka *geografis*, negara Indonesia iku kaperang dadi pirang-pirang pulo-pulo yaiku teka Sabang nganti Merauke sing nduweni warna suku bangsa lan kabudayan kang diasilake. Kabudayan sing maneka warna ana saben dhaerah sing sinebut wujud kabudayan nasional. Saliyane kabudayan nasional lan kabudayan dhaerah, uga ana kabudayan lokal yaiku wujud minangka sub kultur saka kabudayan dhaerah.

Sudikan (2001:4) ngandharake kabudayan Indonesia diperang dadi telung golongan, antarane yaiku: (1) kabudayan nasional, katindakan sajroning kantor-kantor pamerintahan, sekolah, universitas, lan kegiatan-kegiatan upacara sing asifat nasional, (2) kabudayan dhaerah, minangka wujud saka manekawarna kagiyatan-kagiyatan panguripan saka para masyarakat suku bangsa sing pathokane saka pranata-pranata sosial sing sumbere ing kabudayan suku bangsa, (3) kabudayan lokal, minangka wujud saka masyarakat majemuk sing masyarakat luwih siji suku bangsa, saengga kagiyatan-kagiyatan kasebut pathokane saka pranata-pranata sosial kang sumbere saka kabudayan-kabudayan suku bangsa kang ana, sarta oleh pengaruh kabudayan nasional.

Salah sawijining wujud kabudayan iku arupa tradhisi. Tradhisi kalebu budaya lokal kang isih dilestarekake dening masyarakat, senajan ana owahane amarga anane pengaruh jaman, nanging tradhisi iki isih ana lan ora ngilangi makna sarta fungsine tumrap masyarakat. Mligine ing desa Prambon, kabudayan lan tradhisi iki uga isih dilestarekake. Tradhisi kasebut minangka warisan saka para leluhur kang diwarisake nganti saiki, yaiku *Tradhisi Sinongkelan*. *Tradhisi Sinongkelan* ditindakake setaun pisan ing sasi Sela bebarengan karo mengeti “Bersih Desa”.

Tradhisi Sinongkelan iki kalebu kabudayan *lokal* kang isih dilestarekake dening masyarakat, senajan ana owahane amarga anane globalisasi lan pengaruh jaman, nanging tradhisi iki isih ana lan ora ngilangi makna sarta fungsi tumrap masyarakat khususipun ing desa Prambon. Tradhisi iki tetep dijaga lan dilestarekake amarga warisan saka leluhur kanthi turun temurun wiwit biyen nganti saiki.

Tradhisi Sinongkelan ing desa Prambon, Tugu, Trenggalek iki ditindakake setaun sepisan ing sasi Sela dina jemuwah Legi. *Tradhisi Sinongkelan* arupa slametan kang ditindakake ing petilasan Kanjeng Sinongkel yaiku sesepuh sing kang babat alas desa Prambon. Saka ubarampe sing kudu ana yaiku sajen, buceng kuwat, urap-urap, gecok bakal, jenang sepuh, jenang sengkala, lan ingkung. Saben ubarampe iku nduweni makna dhewe-dhewe lan nduweni sesambungan karo *Tradhisi Sinongkelan*. Saliyane iku ing tradhisi iki uga ana tatalakune, ubarampe kang kudu ana lan dilakoni. Ing

tradhisi iki masyarakat akeh kang nyengkuyung, amarga miturute tradhisi iki kudu tetep dijaga lan dilestarekake amarga warisan para leluhur, uga kalebu bentuk rasa syukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa.

Tradhisi iki isih diugemi uga nduweni tujuwan kanggo ngucapake syukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa. Masyarakat isih percaya yen nganakake upacara kasebut, bakal diwenehi panguripan sing kepenak kanggo nggarap sawahe. Kajaba kuwi acara iki uga nduweni daya tarik sing kuwat kanggo wisata budaya sing nggali lan nglestarekake budaya bangsa, sarta tradhisi iki ora ana ing dhaerah liya. Panliten iki kalebu nganggo teori Folklor, amarga kalebu tradhisi utawa upacara. Folklor setengah lisan tegese folklor kang awujud campuran antarane unsur lisan lan ora lisan. Folklor setengah lisan iki kayata kapitayan, tahayul, upacara-upacara, lan sapiturute.

1.1 Undering Panliten

Adhedhasar saka lelandhesan panliten bisa didudut underane kang kaya mangkene, yaiku:

- (1) Kepriye mula bukannya anane *Tradhisi Sinongkelan*?
- (2) Kepriye tatalaku adicara *Tradhisi Sinongkelan*?
- (3) Apa wae jinis ubarampe lan uga maknane kang ana ing *Tradhisi Sinongkelan*?
- (4) Kepriye pamawas masyarakat desa Prambon tumrap *Tradhisi Sinongkelan*?

1.2 Tujuwane Panliten

Adhedhasar underaning panliten kasebut, nuwuhake tujuwan saka panliten. Tujuwan panliten iki bakal diperang dadi loro yaiku tujuwan umum lan khusus. Saka perangan kasebut bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

1.3.1 Tujuwan umum

Panliten iki kanggo menehi gambaran anane *Tradhisi Sinongkelan* ing desa Prambon, kecamatan Tugu, Trenggalek kanggo inventarisasi lan kanggo golek nilai budaya sarta kanggo ndhudhah nilai budaya sarta ngrembakane ilmu folklor sing dadi perangan kabudayan Jawa.

1.3.2 Tujuwan khusus

- (1) Ngandharake ngenani mula bukannya *Tradhisi Sinongkelan*.
- (2) Ngandharake tatalaku adicara *Tradhisi Sinongkelan*.
- (3) Ngandharake jinis ubarampe lan uga maknane kang ana ing *Tradhisi Sinongkelan*.
- (4) Ngandharake ngenani pamawas masyarakat desa Prambon, Tugu, kabupaten Trenggalek tumrap *Tradhisi Sinongkelan*.

1.3 Paedah Panliten

Asile panliten ngenani *Tradhisi Sinongkelan* ing desa Prambon, kecamatan Tugu, Trenggalek iki nduweni paedah, yaiku:

- (1) Nambahi kawruh ngenani tradhisi utamane *Tradhisi Sinongkelan* ing desa Prambon, kecamatan Tugu, kabupaten Trenggalek.
- (2) Nglestarekake kabudayan Jawa saka warisan leluhur *Tradhisi Sinongkelan* ing desa Prambon, kecamatan Tugu, kabupaten Trenggalek.

TRADHISI SINONGKELAN ING DESA PRAMBON KECAMATAN TUGU KABUPATEN TRENGGALEK

- (3) Kanggo dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat desa Prambon ing babagan kabudayan amrih tansah dijaga lan diuri-uri supaya bisa dimengerteni kabeh dhaerah saka sajabané desa Prambon.

1.4 Wewatesan Panliten

Tujuwan saka anane wewatesan panliten iki supaya ora uwal lan trep saka konsep kang wis karonce. Wewatesan prakara iki yaiku ngrembug babagan ngenani mula bukané tradhisi, makna saka tata lakune, ubarampe apa wae kang dibutuhake lan nduweni makna apa wae, paedahe ditindakake, lan kepriye cara masyarakat nglestarekake *Tradhisi Sinongkelan* ing desa Prambon, kecamatan Tugu, Trenggalek.

METODE

3.1 Ancangan Panliten

Tradhisi Sinongkelan ing desa Prambon iki kalebu folklor nggunakake metode dheskriptif kualitatif. Panliten kualitatif asipat dheskriptif tegese nyathet kanthi tliti fenomena kang dideleng lan dirungokake (sarana wawanrembug, video, tape, dhokumen lan sapanunggalane) sarta diwaca lan panliti kudu bisa nandhingake, sarta narik dudutan (Sudikan, 2001:85).

Dheskripsi iki ditujokake marang gambaran lan nilai tandhuk kanthi cara ngamati sing dadi perangan obyek panliten. Saliyane iku, bahan deskripsi bisa oleh saka daptar pitakonan sing padha klawan obyek panliten, kanggo ngolehake tujuwan lan maksud sing dikarepake dening panliten.

Miturut Moloeng (2011:6) panliten kualitatif yaiku panliten kang nduweni maksud kanggo mangeteni fenomena kang wis ana dilakoni dening subjek panliten kayata prilaku, persepsi, motivasi, tindakan kanthi cara holistic, lan cara dheskripsi sajroning wujud tembung lan basa ing konteks alamiah sarta kanthi manfaatake sakabehane metodhe alamiah. Gunane panliten kualitatif ing antarane yaiku : (1) digunakake dening panliten sing nduweni tujuwan nliti objek kang luwih njero, (2) digunakake dening panliti kanggo mangerteni latar belakang fenomena sing ora bisa ditliti kanthi panliten kuantitatif.

Sadurunge nglaksanakake panliten, kudu nemtokake obyek panlitene. Koentjaraningrat (1977:300) ing saben usaha ilmiah sing didadekake obyek panliten ora bisa disinaoni kabeh, kudu dipilih sing pengin ditliti. Utamane perangan kabudayan, panliten luwih akeh lan luwih madhep marang papan obyek panliten.

Obyek panliten iki diayahi adhedhasar fakta uga fenomena kang wis ana, bisa uga kanthi empiris wis ana ing setengahe masyarakat saengga diasilakae arupa teks lesan ngenani TS.

3.2 Obyek lan Papan Panliten

Papan kanggo panliten iki yaiku ana ing desa Prambon, kecamatan Tugu, Trenggalek. Alesane milih TS amarga tradhisi kasebut isih tetep dilestarekake dening masyarakat desa Prambon, tradhisi kang kalebu turun-temurun. Ing tradhisi kasebut uga nduweni nilai-nilai kang wigati sanget tumrap masyarakat, mligine warga desa Prambon.

3.3 Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sajroning panliten iki perlu anane sumber dhata lan dhata. Sumber dhata lan dhata panliten minangka bab kang wigati tumrap panliten. Babagan iki bakal kaandharake ing ngisor iki.

3.3.1 Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku subjek utawa sumber dhata kang dijupuk saka ngendi wae. Miturut Endraswara (2006:119) sumber dhata kang paling utama sajrone panliten kualitatif iku arupa tumindak lan tetembungan. Salah sawijining yaiku arupa wawancara lan dhokumentasi saka informan. Informan diperang dadi loro yaiku informan kunci lan informan biasa. Informan kunci yaiku narasumber kang nduweni peran penting kang bisa njlentrehake dhata kang sakakeh-akehe sarta dhata lengkap ngenani *Tradhisi Sinongkelan*, kayata juru kunci, sesepuh lan liya-liyane. Informan biasa, yaiku narasumber kang dadi panyengkuyung, kang bisa diarani tambahing dhata kang nguatake analisis tumrap panliten iki. Kabeh sumber dhata lan dhata iki wigati ing sajrone panliten amarga didadekake minangka cekelan ing sajrone ngandharake sakabehe asiling panliten.

Kang bakal dadi informan penting ing panliten iki yaiku sesepuh utawa tokoh adat saka desa Prambon yaiku Mbah Seni. Dheweke meruhi samubarang ngenani asal-usuling lan kagiyatan sajrone adicara Tradhisi Sinongkelan ing desa Prambon. Sabanjure yaiku Bapak Tohari kalebu perangkat desa Prambon. Kang dadi informan biasa yaiku para masyarakat desa Prambon kang nyengkuyung dumasane panliten iki.

3.3.2 Dhata Panliten

Data yaiku katrangan utawa bahan nyata sing bisa didadekake dhasar kajian. Panliten ngenani *Tradhisi Sinongkelan* dhatane arupa dhata lisan. Dhata lisan arupa informasi lisan saka informan yaiku saka wawancara lan rekaman lan uga ana data kang awujud dokumentasi utawa foto. Dhokumentasi kasebut dijupuk nalika ditindakake adicara *Tradhisi Sinongkelan*.

3.4 Tatacara Nglumpukake Dhata

Sajroning ngumpulake dhata diperlokake sawijining teknik. Teknik pangumpuling dhata iku maneka warna lan teknik sing kerep digunakake sajroning panliten kayadene ing panliten *Tradhisi Sinongkelan*, kaya ing ngisor iki.

3.4.1 Teknik Observasi

Miturut Sudikan (2001:112) teknik observasi yaiku ndeleng utawa nliti kanthi cara langsung kedadeyan-kedadeyan kang ana ing lapangan. Observasi mujudake sawijining cara nglumpukake data kanthi nganakake pengamatan objek kang ditliti kanthi cara langsung utawa ora langsung. Observasi sajroning panliten iki nggunakake observasi langsung, yaiku ngematake kanthi cara langsung ngadhep gejala objek sing ditliti.

Langkah sajroning teknik observasi diwiwiti kanthi nekani papan panggonan tradhisi dianakake, banjur ndeleng persiapan tradhisi lan uga ndeleng prosesi TS kasebut, banjur njupuk dhokumentasi kanthi cara moto prosesi upacara kasebut.

3.4.2 Teknik Wawancara

Teknik wawancara dianakake kanthi tujuwan nglumpukake dhata utawa katrangan ngenani panguripane manungsa ing bebrayan minangka pituduh kang utama saka teknik observasi (Sudikan, 2001:90).

Koentjaraningrat (ing sajroning Sudikan, 2001: 90) njlentrehake kang jarwane, merang wawancara dadi loro, yaiku wawancara kang wis direncana lan wawancara kang ora direncana. Wawancara kang direncanakake, yaiku teknik wawancara kang pitakonan-pitakone disusun sadurunge ditakokake marang informan. Dene wawancara kang ora direncanakake, yaiku teknik wawancara kang panulis bebas takon marang informan tanpa nyusun dhaftar pitakonan sadurunge.

Ing kene panliten uga nyiapake instrument yaiku awujud Handpone kanggo ngrekam, dhaftar wawan rembug ing lapangan, buku tulis, lan pulpen kanggo nyathet babagan kang durung cetha lan uga kamera kanggo moto babagan kang nyengkuyung dhata.

3.4.3 Teknik Dhokumentasi

Dhokumentasi nduweni wigati sajroning panliten, amarga migunani kanggo ngasilake panliten kang *valid*. Saliyane iku, dhokumentasi uga migunani kanggo ngabadheke sakabehing kedadeyan. Bab kasebut dimaksudake kanggo njagani menawa ana curesse tradhisi iki, dadi isi ana dhokumen sing bisa dideleng ing tembe mburine lan generasi sateruse isih bisa ngrasakane arsip kasebut.

Dhokumentasi yaiku golek dhata babagan *variable*, kang arupa cathetan, *transkrip*, buku, laying pawarta, prasasti, cathetan asiling rapat, agenda, lsp (Arikunto, 2006:231). Metodhe dhokumentasi iki kalebu metode ora angel, amarga yen ana kliru anggone ngandharake babagan dhata,, dhokumentasi kang dititengi isih tetep. Wujud dhokumentasi iki bisa nguwatake asiling panliten.

Sajroning panliten, dhokumentasi Tradhisi Sinongkelan ditindakake kanthi cara teka langsung ing papan anane tradhisi kasebut yaiku ing desa Prambon, kecamatan Tugu, kabupaten Trenggalek. Dhata dhokumentasi lapangan kang dikarepake yaiku dhokumentasi kang luwih nengenake babagan objek panliten, kaya dene foto panggonan, vidheo, lan liya-liyane. Dhokumentasi iki ditindakake panliten nalika ngumpulake gambar ing lokasi upacara. Dhata-dhata kang diasilake banjur diperang miturut wujud lan piguna, banjur dititengi supaya luwih cetha maneh.

3.4.4 Teknik Quesioner

Teknik quesioner yaiku teknik pengumpulaning dhata kang dilaksanakake kanthi cara menehi saperangan pitakonan utawa pranyatan marang wong liya kang dipilih dadi informan kanggo aweh wangsulane.

Angket yaiku piranti kanggo ngumpulake dhata kang wujud dhaftar pitakonan kanggo responden supaya dijawab kanthi tinulis (Riyanto,74-75). Jinise angket ana loro, yaiku

- (1) Angket langsung lan ora langsung

Angket langsung yaiku jinis angket kang dikirim langsung marang pawongan kang bakal dijaluki

panemune. Angket ora langsung yaiku angket kang dikirim marang pawongan kang dijaluki ngenani kahanan wong liya.

- (2) Angket binuka lan tinutup

Angket binuka yaiku jinis angket kang pitakon-pitakone mbutuhake jawaban bebas saka responden. Angket tinutup jinis angket kang jawabane arupa jawaban singkat lan wis disiyapkake.

Panliten iki nggunakake wujud angket binuka, amarga jinis angket binuka bisa ngasilake panemu-panemu kang asli saka informan lan bisa menehi jawaban saka tanggapan masyarakat.

3.5 Teknik Analisis Dhata

Analisis dhata yaiku proses nggolongake lan ngurutake dhata sajroning pola, kategori, lan satuwan uraian dhasar saengga bisa ditemtokake tema lan bisa dirumusake hipotesis kerja kaya sing disaranake dening dhata (Moloeng,2001:103). Panliten kualitatif mujudake panliten lapangan kang dilakoni wiwit golek dhata nganti purnaning panliten kasebut. Sudikan (2001:80) ngandharake teknik ngolah dhata kaperang dadi telu sing kudu ditindakake, yaiku 1) *open coding*, dikarepake ing sajrone panliten ngupaya nggolek dhata kang rowa babagan panliten kang diteliti, 2) *acial coding*, sajrone panliten merangake miturut kategori kang wis ditemtokake, lan 3) *selective coding*, yaiku bakal dititengi dhata ing kategori inti banjur digayutake klawan kategori liyane supaya mujudake sawijining dudutan.

Manut katrangan ing ndhuwur, anggone ngolah dhata saka kawitan nganti pungkasan nggunakake urutan kaya dene: 1) transkrip dhata, yaiku ngolah dhata lesan menyang dhata tulis, 2) verifikasi dhata, yaiku dhata kang ana sajrone panliten sawise ditranskrip banjur dipilih lan dipilah kanthi tliti lan dicocogake karo jenis kang dadi sasaran, 3) idhentifikasi lan kondhifikasi dhata, yaiku penggolongan dhata adhedhasar kategori perkara kang ana ing panliten, 4) penafsiran utawa nerka dhata, lan 5) penafsiran, ngenani dhata biasane ditegesi asil saka pungkasan saka proses panliten.

Analisis dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku nganggo teori simbol teori miturut Herusatoto (2008:88) ngandharake ngenani tindakan simbolis wong jawa antarane yaiku: (1) tumindak simbolis sajrone religi, (2) tumindak simbolis sajrone upacara, (3) tumindak simbolis sajrone seni. Masyarakat Jawa nglaksanakake kedadeyan penting sajroning uripe mesthi ora ucul saka tumindak simbolis.

ANDHARAN PANLITEN

4.1 Gegambaran Bebrayan Desa Prambon

Sajrone panliten kabudayan, dibutuhake sawijine dhata ngenani kependhudhukan kang dijenengake kanthi *etnografi*. Dhata *etnografi* kasebut kayata kahanan alam, pangupajiwa warga, pendhidhikan, lan agama kang dianut dening masyarakat desa Prambon. Tingkat pendhidhikan lan pengetahuan masyarakat bakal menehi pangaribawa marang *Tradhisi Sinongkelan*.

Desa Prambon kalebu ing kecamatan Tugu, kabupaten Trenggalek minangka papan kanggo meneti

TRADHISI SINONGKELAN ING DESA PRAMBON KECAMATAN TUGU KABUPATEN TRENGGALEK

adicara *Tradhisi Sinongkelan*. *Tradhisi Sinongkelan* dipengeti saben taun sepisan ing sasi Sela dina Jemuwah Legi supaya masyarakat desa Prambon ora ngalami bebaya apa-apa lan kanggo ngormati Kanjeng Sinongkel para pendhereke sing wis babad desa Prambon. Para panindak tradhisi iki yaiku para warga dipimpin dening para sesepuh lan para perangkat desa Prambon. Masyarakat desa Prambon mayoritas pendhudhuke lulusan SMP lan SMA, saengga ndadekake *Tradhisi Sinongkelan* asipat gotong-royong, guyub rukun lan adat istiadate isih kenthel banget. Ing ngisor iki bakal diandharake ngenani dhata *etnografi* desa Prambon, kecamatan Tugu, kabupaten Trenggalek kang dadi papan panggonan dilaksanakake *Tradhisi Sinongkelan*.

4.1.1 Kahanan Alam Desa Prambon

Desa Prambon yaiku salah sawijine desa ing Kecamatan Prambon Kabupaten Trenggalek. Papan dumununge dalane wis aspal nanging saperangan durung diaspal. Perangan desa saka kecamatan Tugu kang akeh ndadekake ana desa kang panggonane isih plosok. Papan desa Prambon uga ana ing njero, dadi sadurunge menyang desa Prambon kudu mlebu gang yaiku ngliwati desa Banaran, banjur ketemu gapura lan uga sawah dhisik banjur ketemu desa Prambon.

4.2 Mula Bukane Tradhisi Sinongkelan

Tradhisi Sinongkelan kalebu tradhisi kang dianakake saben sataun sepisan, kanthi tujuwan kanggo keslametan kanthi cara "*Bersih Desa*", supaya warga desa Prambon ora ana bebaya nalika nindakake nandur tanduran, mligine nandur pari ing sawah. Bisa diarani yen *Tradhisi Sinongkelan* minangka salah sawijining tradhisi kanggo dedonga marang Gusti supaya diparingi keslametan lan kanggo menahi rasa khurmat marang sing menahi panguripan babagan nggarap sawah tumrap masyarakat desa Prambon. *Tradhisi Sinongkelan* kalebu tradhisi kang isih dipercaya amarga miturut warga desa bisa ngadohake masyarakat desa saka bebaya apa wae supaya tetep slamet. Tradhisi iki kalebu tradhisi kang diturunake dening leluhur kang nduweni kapitayan marang bab kang sipat mistis. Nganti saiki adicara iki isih ditindakake, amarga miturut warga kalebu warisan kang kudu dilestarekake lan aja nganti diilangi amarga kalebu kramat.

4.3 Tata Lakune Tradhisi Sinongkelan

Tata lakune minangka sawijining perangan kang wigati sajrone adicara. Tata laku bakal ngatur sakabehe acara kanthi runtut saengga acara bisa digelar kanthi apik. Sajrone *Tradhisi Sinongkelan* iki isih nggunakake tata laku kang baku kang wis gumathok wiwit biyen. Tata laku ora ana kang diilangi nanging ana kala ditambahi miturut apa kang dadi kapercayan lan pasarujuke masyarakat.

4.3.1 Tahap Wiwitane Tradhisi Sinongkelan

Sadurunge dianakake *Tradhisi Sinongkelan* ana bab sing kudu disiyapake lan dirembug supaya adicara kasebut bisa lumaku kanthi tumata. Wiwit saka musyawarah para sesepuh desa kanggo ngandhani ubarampe lan piranti apa wae kang kudu ana, senadyan masyarakat ora perlu anane musyawarah kanggo netepake dina, nanging masyarakat perlu musyawarah

kanggo persiapan nyadran ing makam para leluhur lan nyuwun pandonga supaya acarane lancar.

4.3.2 Panindake Tradhisi Sinongkelan

Adicara inti iki kalebu minangka dadi punjere saka sawijining adicara. Ing *Tradhisi Sinongkelan* iki punjere yaiku mragakake nalika Kanjeng Sinongkel beburu kijang kencana. Tari utawa fragmen sing dianakake ing *Tradhisi Sinongkelan* kuwi jenenge tari teklean. Tari teklean kuwi nduweni maksud gerakane tarine sakral kuwi anane swara keplok panting klotek dadi karo warga diarani tari teklean.

4.3.3 Pungkasan Acara Tradhisi Sinongkelan

Pungkasan adicara sajrone *Tradhisi Sinongkelan* yaiku hiburan tari tayub, Tari tayub uga kesenian tradhisional kang kudu dilestarekake. Tari tayub nduweni makna yaiku ngenani kaendahan gerak tarine saka cara busanane lan kahanan sosial ana ing masyarakat. Tari tayub ing kene kangge sarana hiburan rakyat, amarga Kanjeng Sinongkel lan para pendhereke wis bisa mbasmi malapetaka kang ana ing desa Prambon.

4.4 Ubarampe lan Makna saka Tradhisi Sinongkelan

Sajrone tradhisi nduweni makna simbolis kang samudana ing ubarampe. Ubarampe kasebut minangka piranti kang digunakake ing tradhisi kasebut minangka salah sawijine tumindak masyarakat desa Prambon marang sawijine kapitayan, lan saben ubarampe nduweni makna kang beda antarane siji lan sijine. Mula saka kuwi, anane ubarampe digatekake dening masyarakat pangugeme.

Sawijine kapitayan ngandharake yen anane ubarampe minangka wujud pakurmatan marang Gusti, kuwi ngono wis mujudake aturing kapitayan masyarakat marang bab-bab kang asipat gaib. Masyarakat ngrasa wedi yen kekarepane ora kasembadan jalaran anggone nyedhiyakake ubarampe ora genep. Adhedhasar bab kasebut, mula masyarakat kudu tansah njangkepi apa wae kebutuhane supaya tumindake tradhisi kasebut bisa kasembadan kanthi trep lan pepenginan bisa kasembadan.

Ing adicara *Tradhisi Sinongkelan* uga nggunakake ubarampe kang dipercaya masyarakat bisa menahi makna tumrap masyarakat kang nyengkuyung anane tradhisi iku. Bukti yen tradhisi kasebut nggunakake maneka warna ubarampe utawa sajen bakal diandharake.

4.5 Paedah kang Kinandhut Sajroning Tradhisi Sinongkelan

Tradhisi Sinongkelan ing desa Prambon mujudake tradhisi kang wis dadi pakulinane desa Prambon. *Tradhisi Sinongkelan* kalebu tradhisi kang ora bisa dipisahake karo masyarakat. Tradhisi iki nduweni paedah tartamtu tumrap urip bebrayan menahi panyengkuyung. Adhedhasar paedah kasebut ndadekake masyarakat katon kaiket ing rasa pangrasane, banjur ndadekake tradhisi kasebut tansah dijaga lan ditindakake saben taun.

Sejatine warga masyarakat desa Prambon nindakake tradhisi nduweni pangarep-arep kanggo lakuning urip. Masyarakat kang isih nglestarekake tradhisi kasebut nduweni pepenginan kang ana sajrone adicara tradhisi kasebut. Pangarep-arep masyarakat

minangka wujud kebutuhan naluri kang diduweni dening masyarakat kasebut.

Tradhisi iki kalebu ing kelompok folklor setengah lesan. Yen ing sajrone folklor tartamtu, semana uga ing *Tradhisi Sinongkelan* iki sing kalebu ing folklor setengah lisan. Kanggo ngonceki paedah apa wae kang ana ing sawijine *Tradhisi Sinongkelan* kudu nggunakake sawijining teori tartamtu. Ing analisis bab iki, teori kang digunakake kanggo ngonceki paedah apa wae kang ana ing *Tradhisi Sinongkelan* nggunakake teori andharane Bascom (sajrone Dananjaya: 1984: 19). Teori kasebut bakal ngonceki paedah apa wae kang ana ing folklor setengah lisan kayata tradhisi. Supaya luwih cethane kaya andharan ing ngisor iki.

4.5.1 Minangka Sistem Proyeksi

Sistem proyeksi yaiku minangka sarana kacabenggala angen-angen kolektif. *Tradhisi Sinongkelan* minangka piranti kanggo ngandharake kaya apa sejatine kang dikarepake lan diangen-angen dening masyarakat desa Prambon. Sakabehing angen-angen ing panyuwunan kanthi anane bisa dideleng saka sakabehing wujud ubarampe lan tujuwan nindakake adicara kasebut, yaiku sakabehane masyarakat desa Prambon tetep diwenahi keslametan. Keslametan kang disuwun wiwit saka keslametan jiwa nganti keslametan anggone tetaneman saben dinane.

4.5.2 Minangka Pangesahing Pranata Kabudayan

Paedah *Tradhisi Sinongkelan* minangka pangesahing pranata-pranata lembaga-lembaga kabudayan. *Tradhisi Sinongkelan* kasebut kalebu sawijining aturan-aturan kang mligi lan aturan kasebut adhedhasar saka juru kuncen sesambungan karo tradhisi kasebut. Bab iki dibuktekake anane aturan-aturan kang kaya wis dijlentrehne ing ndhuwur mau. Aturan kasebut nyata-nyata uga ditindakake dening warga masyarakat. Kabeh kuwi amarga kapercayane ing warga desa Prambon, kang saben panyuwunan bisa dadi kasunyatan.

4.5.3 Minangka Sarana Panggulawenthah

Ing jaman kang sarwa maju iki, sipat lan tumindak kang isih kalebu tradhisional wis arang ditemoni. Sakabehe piranti kang ana sesambungane karo manungsa kabeh sarwa apik lan gampang, saengga bab kasebut bisa ndukung anane kagiyatan kanggo manungsa supaya nduweni pamikiran kang luwih maju. Saiki anane piranti, panganan lan apa wae kabeh saya canggih lan instan. Saya maju pamikirane manungsa modern ndadekake kabudayan kang sipate tradhisional bisa kegeser lan uga bisa ilang. Amarga yen manungsa saya maju bakal menahi kalodhangan budaya luar mlebu ing kabudayan tradhisional. Kamangka tradhisional iku wae durung mesthi dikuwasani karo masyarakat kang nduweni kabudayan kasebut.

4.5.4 Minangka Piranti Panentu Norma-Norma Masyarakat

Masyarakat desa Prambon nduweni kapitayan kang kuwat wiwit saka tatalakune tradhisi, piranti-piranti lan uga ubarampe kang digunakake sajrone nindakake tradhisi kasebut. *Tradhisi Sinongkelan* kalebu tradhisi kang ditindakake wiwit biyen nganti saiki. Slametan lan ziaroh minangka sawijining pakurmatan marang Kanjeng Sinongkel lan pendhereke kang dipercaya dening

masyarakat. Warga percaya yen slametan bisa antuk berkah, slametan ing makame pendhereke Kanjeng Sinongkel uga sawijing wujud nyenyuwunan marang Gusti Kang Maha Agung lumantar Kanjeng Sinongkel kang dadi piranti. Kabeh kuwi dikarepake supaya warga ora antuk bebaya lan diwenahi keslametan.

Ing nalika nganakake nyekar ana makame para leluhur uga nggatekake wates kesopanan, kayadene nalika menyang makam kudu ngucapake salam, ora oleh nggunakake tembung-tembung kang ala. Nalika adicara *Tradhisi Sinongkelan* ora oleh nyuwun diwenahi sugih tegese iki tradhisi kanggone wong akeh dudu nyenyuwunan pribadi.

4.5.5 Minangka Sarana Hiburan

Masyarakat padhesan biasane seneng marang hiburan, amarga adoh saka ramene kutha lan isih kurange pengetahuan warga masyarakat ngenani hiburan. *Tradhisi Sinongkelan* dadi piranti nyenengake saka donya kang nyata saengga bisa ngowah-owahi pakaryan kang mboseni dadi pakaryan kang nyenengake. Akeh masyarakat kang isih mentingake golek nafkah katimbang golek hiburan. Kamangka hiburan kanggone manungsa perkara kang penting kanggo ngilangake sumpek lan kesel. Nanggap tayub uga bisa nguri-uri budaya Jawa kang diwarisake dening para leluhur. Nalika adicara inti ing *Tradhisi Sinongkelan* wis kudu dianakake tari tayub sawise acara kasebut, supaya masyarakat bisa mangerteni lan mahami paedah saka seni lan budaya kang kinandhut ana ing tradhisi kasebut. Manungsa diwenahi akal, rasa pangrasa, lan pikiran dening Gusti Maha Agung, supaya bisa ngripta kagiyatan-kagiyatan kang narik kawigaten. Saka acara *Tradhisi Sinongkelan* bisa didudut menawa tradhisi kasebut bisa menahi hiburan lan nyukupi kabutuhan manungsa ing babagan kaendahan lan rekreasi.

4.5.6 Kanggo Nguwatake Rasa Pangrasan Klompok Masyarakat

Solidaritas kalebu wujud rasa kang senasib. Ing adicara *Tradhisi Sinongkelan* iki sakabehane wong kang nekani lan nindakake nduweni tujuwan kang padha, kabeh melu nyengkuyung saka wiwit acara nganti tahap pungkasan. Sakabehane masyarakat padha nyawiji ing acara *Tradhisi Sinongkelan* kanthi tujuwan nyenyuwun marang Gusti supaya tetep diwenahi kaberkahan anggone tanem tuwuh. Saka anane guyup rukun masyarakat desa Prambon, bakal nuwuhake rasa gotong royong, rasa paseduluran, kerukunan, nilai sosial, nilai etika, tanggung jawab, lan rasa syukur.

4.6 Carane Ngelestarekake Tradhisi Sinongkelan

Indonesia minangka sawijining Negara kang nduweni maneka warna kabudayan. Saka maneka warna jenis kabudayan kasebut Indonesia dadi daya tarik bangsa liya. Bab kasebut kang dadi tugase para kawula mudha kanggo njaga apa kang dadi kebanggan lan idhentitas bangsa. Majune jaman bisa nuwuhake pola pikire bebrayan agung kang ana ing Negara iki milih kabudayan anyar kang dirasa luwih praktis saka kabudayan tradhisional. Mlebune kabudayan asing uga dadi faktor kang nyebabake kabudayan lokal dilalekake dening bebrayan agung. Mlebune kabudayan asing dirasa lumrah

TRADHISI SINONGKELAN ING DESA PRAMBON KECAMATAN TUGU KABUPATEN TRENGGALEK

yen kabudayan asing kasebut bisa sedalan kari kabudayan tradhisional Negara kita.

Kayadene *Tradhisi Sinongkelan* minangka sawijine kabudayan kang diduweni dening Negara Indonesia. Anane tradhisi budaya kasebut nuduhake kayadene Negara Indonesia kang ora diduweni dening Negara liya. *Tradhisi Sinongkelan* minangka tradhisi kang isih dilestarekake dening warga desa Prambon nganti saiki. *Tradhisi Sinongkelan* kang ana ing desa Prambon yen dideleng saka anane angket isih ngrembaka, nanging bisa wae tradhisi kasebut bakal ilang.

Tradhisi Sinongkelan nduweni tujuwan lan paedah kanggo ngajeni, nyukuri apa wae kang diwenahi Gusti. Nyuwun pitulungan marang Gusti kanthi cara dedonga, piranti arwah-arwah leluhur. Mula dianakake *Tradhisi Sinongkelan* iki nduweni paedah kanggo keslametan warga mligine warga desa Prambon. Ing ngisor iki ngandharake cara kang digunakake supaya *Tradhisi Sinongkelan* kang ana ing desa Prambon bisa tetep lestari, ora ilang lan tetep ngrembaka. Kabudayan bisa lestari saka rong cara bentuke, yaiku cara nglestarekake budaya kanthi cara langsung, contone yaiku arupa tarian bebrayan agung disuwun supaya sinau lan bisa naritarian kasebut. Kanthi cara kang kaya mangkono kabudayan bisa dijaga supaya ora ilang ing Negara iki. *Tradhisi Sinongkelan* cara nglestarekake miturut masyarakat yaiku kanthi cara langsung nyengkuyung kagiyatan kasebut kanthi cara gotong-royong. Para warga kanthi guyup rukun nyepakake maneka warna ubarampe kang digunakake kanggo *Tradhisi Sinongkelan*. Cara nglestarekake kabudayan kanthi cara menahi kawruh ngenani kabudayan marang warga masyarakat, kang nduweni tujuwan supaya luwih bisa ngrembaka sawijine kabudayan ana ing Negara iki. Kanthi cara kasebut warga bisa mangerteni kabudayan kang ana.

Saka andharan iku, cara kang digunakake masyarakat anggone nglestarekake kabudayan yaiku saka menahi kawruh marang warga ngenani *Tradhisi Sinongkelan* kang ana ing desa Prambon. Panliten nuduhake yen anane tradhisi kang ana ing desa Prambon iki isih ngrembaka. Miturut bebrayan agung kang ana ing desa Prambon, bisa dideleng saka angket yen *Tradhisi Sinongkelan* kaperang dadi loro yaiku saka pamerintah lan masyarakat ing desa Prambon.

4.7 Pamawase Masyarakat ngenani Tradhisi Sinongkelan

Pamawas masyarakat yaiku sawijining wujud respon utawa pisumbang usul lan panemu usul lan panemu saka masyarakat marang samubarang tartamtu kang ngandhut nilai. Kanggo ngudhari pamawase masyarakat digunakake sawijine teori. Bab pamawasae masyarakat ngenani *Tradhisi Sinongkelan* iki, ngunakake teori Iser (sajrone Endraswara, 2008:121) kang njlentrehake ngenani resepsi sastra. Kanthi nggunakake teori kasebut bakal njlentrehake apa kang ditindakake masyarakat marang objek, apa kang ditindakake objek marang masyarakat minangka kang manahi makna. Supaya luwih cetha bakal diandharake ing ngisor iki.

Miturut angket kang dijupuk yaiku saka 50 wong perwakilan masyarakat desa Prambon, nyatane ana

5 wong ora sarujuk anane tradhisi kasebut. Nanging uga ora sithik, nanging luwih saka 95% masyarakat sarujuk lan nganggep adicara *Tradhisi Sinongkelan* iku wigati lan nduweni nilai piguna. Bab kaya mangkono bakal dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

4.7.1 Golongan Masyarakat Sarujuk

Tradhisi Sinongkelan minangka tradhisi kang isih ngrembaka ing desa Prambon, ateges isih akeh masyarakat kang ngugemi anane tradhisi kasebut. Masyarakat kang kalebu sarujuk anane *Tradhisi Sinongkelan* kagolong akeh. Ateges masyarakat akeh sing isih percaya lan isih nindakake *Tradhisi Sinongkelan* nganti seprene. Saperangan gedhe anggone sarujuk amarga nduweni alesan kang ndadekake kapitayan kang kuwat tumrap masyarakate.

Golongan kang isih sarujuk kasebut nduweni kapitayan kang kuwat lan uga percaya yen apa kang dadi panyuwunane marang Gusti bakal diliwati ing tradhisi kasebut. Manut dhata tabel mau, saperangan masyarakat kang cacah 45 saka 50 wong nuduhake yen saujuk anane *Tradhisi Sinongkelan*. Golongan kang sarujuk iku percaya anane tradhisi kasebut dianggep sarana kanggo nggolek berkah lan kaslametan.

4.7.2 Golongan Masyarakat Ora Sarujuk

Golongan masyarakat ora sarujuk anane *Tradhisi Sinongkelan* ora akeh mung ana 5 saka 50 wong kang disurvei menehi wangsulane yen ora sarujuk. Saperangan alesane yen ora sarujuk dianakake tradhisi kaasebut yaiku amarga digayutake anane agama. Wong kang fanatiq ing agama, banjur ora percaya karo anane tradhisi lan adat istiadat. Golongan masyarakat iki nduweni alesan yen *Tradhisi Sinongkelan* ora ana ing kapitayan miturut agama Islam. Masyarakat ora percaya anane roh sing baureksa desa. Ing agama Islam yen percaya anane kaya mangkono, kalebu musyrik amarga miturute ing Al-Qur'an ora ana piwulangan anane tradhisi. Mula ora mokal yen ora sarujuk karo anane *Tradhisi Sinongkelan Sinongkelan*.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Miturut andharan ing bab asiling panliten ngenani *Tradhisi Sinongkelan* ing desa Prambon, kecamatan Tugu, kabupaten Trenggalek, bisa didudut:

Mula bukane anane *Tradhisi Sinongkelan* diwiwiti warga nandur tanem tuwuh ora panen ana priyagung saka Mojopahit namur kawula sesinglon jenenge Kanjeng Sinongkel. Sawise meruhi kabeh Kanjeng Sinongkel paring wawasan marang para warga. Wewaler Kanjeng Sinongkel supaya saben taun ing sasi Sela dina Jemuwah Legi dianakake bersih desa maksude bersih desa iku gawe bersih badani para manungsa secara lair lan batin. Sawise Kanjeng Sinongkel mogsa ing ngriku lan pendhereke seda lajeng piyambakipun maringi wawasan supados saben Sela dianakake nyadran utawa “Bersih Desa” menyang petilasane Kanjeng Sinongkel.

Tata laku anggone nindakake *Tradhisi Sinongkelan* yaiku dadi telu yaiku 1) tahap persiapan, 2)

tahap inti adicara, 3) panutup. Ing tahap persiapan bab apa wae wiwit nindakake ngrembug dina, mbentuk panitia, nyiapake piranti kanggo nyadran ana ing petilasan Kanjeng Sinongkel lan pendhereke. Tahap pelaksanaan yaiku ngadakane tari teklean utawa mragakake nalika Kanjeng Sinongkel mburu kidang kencana. Panutup acara *Tradhisi Sinongkelan* dianakake dedonya nyenyuwunan dhateng Gusti Maha Kawasa lan dianakake tari tayub.

Ubarampe kang digunakake ing *Tradhisi Sinongkelan* yaiku 1) ubarampe kanggo *Tradhisi Sinongkelan* (buceng kuwat, ingkung, urap, gedhang raja, jenang sepuh, jenang sengkala), 2) ubarampe kanggo nyekar (kembang, gecok bakal, dupa, menyan). Ubarampe kang wis ana minangka sajen kang digunakake kanggo slametan. Sajen kang didongakake sajrone ritual minangka persembahan rasa syukur marang Gusti Maha Kuwasa lan leluhur desa Prambon. Bisa didudut yen ubarampe kang wis disiyapake minangka simbol sajroning *Tradhisi Sinongkelan*. Makna kang kinandhut ing sajrone ubarampe yaiku: 1) Buceng Kuwat nduweni makna wujud syukur marang Gusti Allah marang asil panen kang akeh, 2) Inkung minangka simbol pasrah marang Gusti Inggang Maha Kuwasa, 3) Urap tegese urip, yaiku bisa nguripi lan nafkahi keluwigane, 4) Gedhang raja yaiku tujuwan urip lan cita-cita kang migunani kanggo masyarakat kang ana ing desa Prambon, 5) jenang sepuh kanggo hanyepuhi syarat syarengat, 6) jenang sengkala maknane kanggo nolak sengkala ana ing desa Prambon, 7) Kembang wangi minangka pakurmatan marang leluhur, 8) gecok bakal yaiku kanggo ngormati sesepuh sing babad desa Prambon. *Tradhisi Sinongkelan* nduweni paedah, yaiku 1) minangka sistem *proyeksi*, 2) minangka pangesahing pranata kabudayan, 3) minangka sarana panggulawentah, lan 4) minangka piranti panemu norma-norma masyarakat.

Cara masyarakat desa Prambon tetep nglestarekake *Tradhisi Sinongkelan* yaiku dideleng saka anane angket. *Tradhisi Sinongkelan* kang tetep ngrembaka. Cara masyarakat supaya tradhisi tetep lestari yaiku diperang dadi loro pamawas. Kaloro pamawas kasebut yaiku saka pamerantah lan saka masyarakat ing desa Prambon. Saben taun bebrayane manungsa uga ngalami owah-owahan, kayadene ing adicara *Tradhisi Sinongkel* kang ngalami owah-owahan. Owah-owahan ing *Tradhisi Sinongkelan* diperang dadi loro yaiku saka tata lakune lan ubarampene. Saka tatalakune kang ngalami owah-owahan disababake anane pengaruh agama islam, yaiku agama kang dianut mayoritas masyarakat desa Prambon. Yen saka ubarampene kang ngalami owah-owahan iku disebabake anane kemajuan jaman, yaiku wong-wong padha gawa sing ringkes nalika nyadran ana ing petilasan.

Asiling saka pamawas masyarakat nuduhake yen masyarakat kasebut kaperang dadi rong golongan, yaiku masyarakat kang sarujuk anane *Tradhisi Sinongkelan* lan masyarakat kang ora sarujuk anane *Tradhisi Sinongkelan*. Golongan kang sarujuk nduweni alesan amarga ngugemi budaya kang diwarisake dening leluhur, minangka sarana muji syukur marang Gusti lan uga

nyuwun keslametan. Kajaba iku, *Tradhisi Sinongkelan* minangka adicara kang dianggep sarana kanggo nggiring donga marang Gusti. Dene alesan miturut golongan masyarakat kang ora sarujuk anane *Tradhisi Sinongkelan* yaiku amarga dianggep sawijining tumindak lan kapitayan kang tumuju menyang tumindak musyrik kanthi lelandhesan kapitayan saka agama Islam kang dianut.

5.2 Pamrayoga

Ing jaman kang sarwa modern, sakabehe pola pikir lan uga tumindake manungsa bisa ngalami owah-owahan kang cepet banget. Mula saka anane jaman modern iki, *Tradhisi* kudu tetep dijaga lan dilestarekake. Kaya dene *Tradhisi Sinongkelan* iki wiwit jaman biyen nganti saiki saperangan ana kang diowahi amarga owah-owahaning jaman. Mula supaya sakabehane unsur sajrone *Tradhisi Sinongkelan* ora owah, dibutuhake panyengkuyung saka generasi penerus kang wiwit tresna lan sarujuk anane tradhisi kasebut. Para mudha-mudhi dikarepake supaya tetep sinau bab ngenani tradhisi Jawa kang bisa menehi piguna tumrap masyarakat umum. Senajan kadhang kala ana bab kang ora mlebu ing bab agama, nanging tradhisi nduweni nilai bebrayan kang luhur. Kanthi anane dhokumentasi dikarepake supaya *Tradhisi Sinongkelan* tetep dijaga lan dilestarekake.

Asil saka panliten iki muga bisa ndadekake kawruh lan kanggo sarana usaha wiwit anggane ngluru lan kanggo nyelamtake wujud saka kabudayan Jawa kang isih tetep diugemi dening masyarakat. Kajaba iku, andharan ngenani *Tradhisi Sinongkelan* bisa nggugah ati para generasi penerus supaya luwih tresna marang budayane dhewe, tinimbang budaya liya kang bisa ndadekake kabudayane dhewe ilang. *Tradhisi Sinongkelan* kudu tansah dilaksanakake supaya ora ilang lan tansah ngrembaka satengahane jaman, amarga tradhisi kasebut minangka warisan turun-temurun.

KAPUSTAKAN

- Arikunto. 2006. *Prosedur Penelitian suatu Pendekatan*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Bekker, JWM. 1984. *Filsafat Kebudayaan, Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.
- Berger, Arthur Asa. 2010. *Pengantar Semiotika: Tanda-Tanda dalam Kebudayaan Kontemporer*. Terjemahan M. Dwi Morianto. Sleman : Penerbit Tiara Wacana.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia*. Jakarta : Pustaka Utama Gafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta : Pustaka Widayatama.
- _____. 2008. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gajah mada University press.
- Greetz, Clifford. 1981. *Abangan Santri, Priyayi Dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolis Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta : Hanindita Graha Widia.

TRADHISI SINONGKELAN ING DESA PRAMBON KECAMATAN TUGU KABUPATEN TRENGGALEK

- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra*. Lisan. Surabaya : Indonesia.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: Tiara Wacana Yogya.
- Koentjaraningrat. 1985. *Kebudayaan, Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- _____. 1987. *Pengantar Hukum Adat Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia
- _____. 1990. *Sejarah Teori Antropologi II*. Jakarta: UI-Press.
- Maran, Rafael Raga. 2007. *Manusia dan Kebudayaan dalam Persepektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Moleong, Lexy J. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Poerwadarminto. 1984. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Ratna, Nyoman K. 2007. *Estetika Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradisi*. Jakarta : Gramedia.
- Sobur, Alex. 2006. *"Semiotika Komunikasi"*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Suryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa-Rekontruksi Normatif idealistis*. Yogyakarta: Aditya Media Publishing.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unipress dan Citra Wacana.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Unipress.
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2011. *Dasar-dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang.
- Tim ISBD UNESA. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press.

